

MARTH CHARTER PUBLIC SCHOOL

Plan prevansyon Entimidasyon

I. LIDÈCHIP

Lidèchip Lekòl la nan tout nivo nan Match Charter Public School (“Match”) jwe yon wòl enpòtan nan devlope ak aplike Plan Prevansyon Entimidasyon an (“Plan” an) nan kontèks ak efò tout lòt lekòl ak kominote pou pwomote yon klima pozitif nan lekòl. Lidè yo gen yon wòl prensipal nan anseye elèv yo ak Anplwaye Lekòl la pou yo kapab sivil youn ak lòt ak ankouraje konpreyansyon ak respè pou divèsite ak diferans. Lidè yo responsab pou yo etabli priyorite ak pou yo rete ajou avèk rechèch aktyèl yo nan yon fason pou yo anpeche ak reponn kòmsadwa a Entimidasyon (jan li defini nan Seksyon VIII, anba a). Lidè yo travay pou yo enplike reprezantan ki soti nan lekòl ki pi gwo ak kominote lokal yo nan devlope ak aplike Plan an.

- A. Patisipasyon piblik nan devlope Plan an. Jan li egzije nan M.G.L. c. 71, § 37O, Plan an pra l devlope nan tèt ansanm avèk pwofesè, Anplwaye Lekòl (jan li defini nan Seksyon VIII, anba a), sipò pèsonèl pwofesyonèl, volontè lekòl, administratè, reprezantan kominote yo, ajans ki fè respekte la lwa lokal yo, elèv, paran, ak gadyen. Konsiltasyon yo pral gen, nan yon minimòm, avi ak yon peryòd kòmantè piblik avan yo adopte Plan an.
- a. **Pwofesè yo, Anplwaye Lekòl, pèsonèl sipò pwofesyonèl, volontè ak administratè yo pra l resevwa bouyon plan an chak seson ete e yo pra l genyen yon delè pou yo bay lidè yo fidbak.**
 - b. **Reprezantan kominote yo ak ajans ki fè respekte la lwa yo pra l avize e yo pra l genyen yon delè pou yo bay lidè yo kòmantè yo.**
 - c. **Elèv, paran ak gadyen yo pra l resevwa enfòmasyon sou bouyon plan an** e ya p gen opòtinite pou yo bay lidè yo fidbak nan reyinyon Komite Konsèy Paran (pou paran yo) ak reyinyon lekòl (pou elèv yo).
- B. Evalye bezwen ak resous yo. Plan sa a se modèl nou pou amelyore kapasite pou anpeche ak reponn a pwoblèm Entimidasyon nan kontèks inisyativ klima lòt lekòl ki an sante. Kòm pati de pwogrè pwosesis planifikasyon an, lidè lekòl yo, avèk konsèy fanmi yo ak Pèsonèl Lekòl la, evalye konpetans pwogram aktyèl yo; revize règleman ak pwosedi aktyèl yo; revize done disponib sou Entimidasyon ak ensidan konpòtman; ak evalye resous disponib ki gen ladann kourikoulòm, pwogram fòmasyon, ak sèvis sante konpòtman. Pwosesis “kat”sa a pra l ede lidè yo idantifye mankman ak zòn bezwen ki pi enpòtan. Baze sou rezilta sa yo, nou pra l revize oswa devlope règleman; etabli patenarya avèk ajans kominote yo, enkli sa ki fè respekte la lwa yo; ak etabli priyorite.

Omwen yon fwa chak kat ane Match pra l fè yon sondaj pou Depatman Edikasyon Elemantè ak Sekgondè ki devlope pou elèv pou yo evalye klima lekòl la ak kondisyon, nati, ak gravite entimidasyon nan lekòl nou an. Anplis, Match pra l rapòte done ensidan Entimidasyon chak ane bay Depatman an e li pra l mete Plan an ajou omwen chak dezan.

Lidè yo pra l fè yon evalyasyon bezwen nan sèvi avèk teknik sa yo: 1) fè sondaj sou elèv yo, Pèsonèl lekòl la, paran ak gadyen yo sou klima lekòl la ak pwoblèm sekirite lekòl la; ak 2) kolekte ak analize done espesifik sou pou idantite popilasyon ki vilnerab ak karakteristik Entimidasyon (tankou konsantre sou idantifye popilasyon ki vilnerab ak “zòn cho” nan lekòl la, oswa nan otobis lekòl la). Enfòmasyon sa a pra l ede idantifye modèl konpòtman ak zòn enkyetid, ak pra l enfòme nan pran desizyon pou estrateji prevansyon ki gen ladann, men pa limite a sipèvizyon adilt, devlopman pwofesyonèl, kourikoulòm apwopriye pou laj, ak sèvis sipò nan lekòl. Evalyasyon bezwen pra l fèt atravè moun endividyèl ak reyinyon gwoup nan sezon printan ak kòmansman ete, pou pèmèt lidè yo gen ase tan pou yo aplike nouvo estrateji yo. Administratè Responsab (jan li defini anba) chak lekòl Match pra l gen chaj pou yo kondwi ak reponn a bezwen evalyasyon sa a.

C. Planifikasyon ak Sipèvizyon. Pou objektif Plan an, “Administratè Responsab yo” dwe deziyen pour Match High School (“MHS”), Direktè Egzekitif oswa direktè oswa reprezantan yo; pour Match Middle School (“MMS”), Direktè ak Dwayen Elèv yo oswa reprezantan li; pou Match Next, direktè a oswa reprezantan li; ak pou Match Community Day (“MCD”), direktè a, direktè asistan, Direktè Operasyon oswa reprezantan li. Responsablite pou plizyè aspè nan plan an pra l anchaje pa administratè sa yo:

- 1) Resevwa rapò sou Entimidasyon – **Administratè Responsab chak lekòl**
- 2) Kolekte ak analize bilding- ak/oswa done tout lekòl la sou Entimidasyon pou evalye pwoblèm aktyèl la ak mezire amelyorasyon rezilta yo – **Administratè Responsab chak lekòl**
- 3) Kreye yon pwosesis pou anrejistre ak kontwole rapò ensidan, ak pou gen aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak Sib (jan li defini nan Seksyon VIII, anba) ak Agresè (jan li defini nan Seksyon VIII, anba) – **Administratè Responsab chak lekòl**
- 4) Planifye pou devlopman pwofesyonèl kontinyèl la lwa egzije – **Administratè Responsab chak lekòl**
- 5) Planifye sipò ki reponn a bezwen Sib yo ak Agresè yo – **Administratè Responsab chak lekòl**
- 6) Chwazi ak aplike kourikoulòm lekòl la oswa distri a pra l itilize – **Administratè Responsab chak lekòl**
- 7) Devlope nouvo oswa revize règleman ak pwotokòl anba Plan an, ki gen ladann yon règleman sekirite entènèt, ak deziyasyon anplwaye enpòtan ki pou responsab aplikasyon yo – **Administratè Responsab chak lekòl**
- 8) Modifye manyèl elèv ak anplwaye ak kòd kondwit – **Administratè Responsab chak lekòl**

9) Dirije paran oswa efò angajman fanmi an ak ekri materyèl enfòmasyon paran – **Administratè Responsab chak lekòl**

10) Revize ak mete Plan an ajou chak ane, oswa pi souvan – **Administratè Responsab chak lekòl**

- D. Deklarasyon Priorite: Misyon Match se pou prepare elèv timoun Boston pou yo reyisi nan kolèj ak apre kolèj, patikilyèman, sa yo ki se premye nan fanmi yo ka p gen yon degre kolèj. Nou atann pou lekòl la sèvi yon vas majorite etidyan nan lang Anglè. Pou sa fini, nou pran angajman pou nou bay tout elèv yo yon anviwonman ki pa gen Entimidasyon, enkli Cyberentimidasyon (jan li defini nan Seksyon VIII, anba a). Angajman sa a se yon pati entegral efò konplè nou pou nou ankouraje aprantisaj, ak prevwa e elimine tout fòm Entimidasyon ak lòt konpòtman danjere ki ka antrave pwosesis aprantisaj la.

II. FÒMASYON AK DEVLOPMAN PWOFEYONÈL

Anba M.G.L. c. 71, § 370 nou oblije founi devlopman pwofesyonèl toutan pou tout Anplwaye Lekòl la.

- A. Fòmasyon Anyèl ou Pèsonèl Lekòl la nan plan an. Fòmasyon Anyèl pou tout Anplwaye nan Lekòl la ap fèt chak sezon ete. Fòmasyon pra l gen ladann devwa Anplwaye Lekòl la anba Plan an, yon apès etap Administratè Responsab la pra l swiv lè li resevwa yon rapò Entimidasyon oswa Vanjans (jan li defini nan VIII, anba), ak yon apès kourikoulòm prevansyon Entimidasyon an yo dwe ofri a tout klas yo nan lekòl la. Manm Pèsonèl Lekòl la ki anplwaye apre ouvèti lekòl la oblije patisipe nan fòmasyon pandan ane lekòl la kote yo anplwaye yo sof si yo kapab demontre ke yo te patisipe nan yon pwogram menm jan pandan de dènye ane yo.
- B. Devlopman pwofesyonèl Kontinyèl. Objektif devlopman pwofesyonèl se pou etabli yon konpreyansyon kommen nan zouti ki nesèsè pou Pèsonèl Lekòl la kreye yon klima ki ankouraje sekirite, kominikasyon sivil ak respè pou diferans. Devlopman pwofesyonèl pral devlope konpetans manm Pèsonèl Lekòl la pou anpeche, idantifye, ak reponn a Entimidasyon. Jan li egzije pa M.G.L. c. 71, § 370, kontni devlopman pwofesyonèl la pra l enfòm pa rechèch e li pra l genyen enfòmasyon sa yo:
- (i) Estrateji devlopman (oswa laj-) apwopriye pou anpeche entimidasyon;
 - (ii) Devlopman estrateji (oswa laj-) apwopriye pou sispann ensidan Entimidasyon touswit kòmsadwa;
 - (iii) Enfòmasyon konsènan entèaksyon konplèks ak diferans pouvwa ki ka rive nan mitan Agresè a, Sib, ak temwen Entimidasyon an;
 - (iv) Rezilta rechèch sou Entimidasyon, gen ladann enfòmasyon sou kategori elèv espesifik yo montre ki gen risk pou Entimidasyon nan anviwonman lekòl la;

(v) Enfòmasyon sou ensidans ak nati Cyberentimidasyon; ak

(vi) pwoblèm sekirite entènèt jan yo gen rapò ak Cyberentimidasyon.

Devlopman pwofesyonèl pra l adrese fason tou pou anpeche ak reponn a Entimidasyon oswa Vanjans pou elèv ki andikape ki dwe konsidere lè ya p devlope (Pwogram Edikasyon Endividyalize) Individualized Education Programs (IEPs) elèv yo. Sa pra l gen ladann yon atansyon patikilye sou bezwen elèv ki gen otis yo oswa elèv ki gen andikap ki afekte devlopman sosyal yo.

- C. Avi alekri bay Anplwaye. Lidè nan Match pra l bay tout Anplwaye Lekòl la avi anyèl alekri sou Plan an nan pibliye enfòmasyon sou li, enkli seksyon ki gen rapò avèk responsablite Pèsonèl Lekòl la ak Entimidasyon elèv pa Pèsonèl Lekòl la, nan Manyèl Edikasyon Anplwaye Match.

III. AKSÈ NAN RESOUS AK SÈVIS

Yon aspè enpòtan nan ankouraje yon klima pozitif nan lekòl la se asire ke bezwen emosyonèl kache Sib yo, Agresè, fanmi, ak lòt yo dwe adrese. Estrateji sa yo pra l itilize pou bay sèvis ki nesèsè pou satisfè bezwen sa yo.

- A. Idantifye resous. Tout anplwaye nan Match pra l travay pou sipòte kreyasyon anviwonman pozitif lekòl la. Entèkansyon bonè pra l aplike, ak sèvis entansif lè li nesèsè. Nan seson prentan ak kòmansman ete chak ane, lidè yo pra l itilize evalyasyon bezwen a pou yo kapab idantifye resous ki la déjà ak sa yo bezwen. Si yo detèmine ke resous nou yo pa ase pou satisfè bezwen yo, nou pra l detèmine pi bon estrateji ak aplike chanjman, enkli adopte nouvo kourikoulòm, reòganize pèsonèl etabli ekip pou plannifye sekirite ak idantifye lòt ajans ki ka bay sèvis.
- B. Konsèy ak lòt sèvis. Konsèy pra l bay pa pwofesyonèl ki gen lisans. Lè li nesèsè, lidè yo pra l kreye patenarya avèk ògnizasyon ki baze sou kominote pou bay resous kiltirèl ak lengwistik ki apwopriye. Administratè Responsab la, ansanm avèk konseye ak lòt manm Pèsonèl Lekòl la, pra l devlope plan sekirite pou elèv ki te Sib Entimidasyon oswa Vanjans. Sèten zouti, enkli plan entèkansyon konpòtman ak gwoup endividyalize, déjà egziste kòm resous ak gid pou bay konpetans sosyal pou anpeche Entimidasyon ak sèvis entèkansyon pou elèv ki demontre konpòtman Entimidasyon.
- C. Elèv ki gen andikap. Jan li egzije pa M.G.L. c. 71B, § 3, jan li amandè nan Chapit 92 nan Lwa 2010, lè Ekip IEP a detèmine ke yon elèv gen yon andikap ki afekte devlopman konpetans sosyal li oswa elèv la kapab patisipe nan oswa vilnerab pou Entimidasyon, asèlman, nwizans akòz andikap li a, Ekip IEP a pra l konsidere kisa ki dwe fè pati nan IEP a pou devlope ladrès elèv la ak konpetans pou evite ak reponnn a Entimidasyon, asèlman, oswa nwizans.
- D. Lòt elèv ki kapab gen risk. Match rekonèt ke elèv kapab vilnerab pou Entimidasyon baze sou diferans ki gen rapò ak ras, koulè, relijyon, zansèt orijin nasyon, sèks, sityasyon sosyal ekonomik, sanzabri, sityasyon akademik, idantite sèks oswa ekspresyon, aparans fizik, gwosès oswa sityasyon paran

oryantasyon seksyèl mantal, fizik, devlopman, oswa andikap sansoryèl oswa pa asosyasyon avèk lòt moun ki ka gen youn oswa plis nan karakteristik sa yo. Pèsonèl lekòl la dwe by plis sipò pou elèv ki vilnerab yo, lè li nesèsè, pou ba yo ladrès, konesans ak estrateji yo bezwen pou anpeche ak reponn ak Entimidasyon oswa asèlman.

- E. Bay referans pou sèvis deyò. Lè lidè Match yo, avèk konsèy pwofesyonèl ki gen lisans yo, detèmine ke resous lekòl la pa sifi pou reponn a yon sitiyasyon Entimidasyon, elèv ak fanmi yo pra l refere nan sèvis deyò. Fanmi yo ap resevwa enfòmasyon alekri sou referans yo e pwofesyonèl ki gen lisans ak travayè sosyal ap disponib pou bay konsèy pandan tout pwosesis la.

Pi ba a gen yon lis ajans kote Match konn refere elèv ak fanmi yo:

1. Depatman Timoun ak Fanmi. Administratè Responsab la kapab rapòte bay ajans sa a si li sispèk abi oswa neglijanans oswa enkyetid prezans konsiderab.
2. Konsèy Deyò. Match anplwaye yon konseye/travayè sosyal ki deziyen pou bay kèk sèvis nan lekòl la, men etandone ke plizyè elèv ka benefisye konsèy regilye ki pi plis pase sa kapasite lekòl la kapab founi, konseye/travayè sosyal la pra l ede fanmi yo jwenn konseye deyò lè li apwopriye. Fason ki pi fasil pou fanmi yo jwenn sa se atravè yon referans nan men doktè premye swen yo.
3. Konsèy Deyò. Jwenn yon bon konseye pou elèv ki Sib ak Agresè yo kapab yon entèvansyon ki itil, men pwosesis la kapab long. Paran yo dwe enplike nan lòd pou yo kapab ranpli papyè yo ak pou yo fè antrevi. Premye referans yo kapab aksesib nan:<http://www.bbbsmb.org/GetInvolved/ReferAChild/Default.aspx> oswa <http://www.bigsister.org/index.cfm?pid=10569>.
4. Family Stabilization Team ("FST"). Opsyon sa a apwopriye lè elèv la ak fanmi l ta va benefisye sipò entansif oswa terapi fanmi. Sèvis FST yo se youn nan plizyè sèvis sante konpòtman (sante mantal ak abi sibstans)ke BMC HealthNet Plan MassHealth Plan ofri manm yo.

IV. AKTIVITE AKADEMIK AK NON AKADEMIK

Enstriksyon apwopriye pou laj sou prevansyon Entimidasyon nan chak klas pra l enkòpore nan kourikoulòm nou an. Kourikoulòm nan pra l baze sou prèv. Enstriksyon efikas pra l gen ladann apwòch, inisyativ lekòl la an antye, ak estrateji ki konsantre sou prevansyon Entimidasyon ak devlopman konpetans sosyal.

- A. Apwòch espesifik prevansyon Entimidasyon. Pwogram prevansyon Entimidasyon an pra l enfòmè pa rechèch aktyèl ki, pami lòt bagay mete aksan sou apwòch sa yo:

- Itilize papyè ekri ak jwe wòl pou devlope konpetans;

- Bay elèv yo responsablite pou yo pran aksyon nan konnen sa pou yo fè lè yo temwen lòt elèv oswa Pèsonèl Lekòl la angaje nan zak Entimidasyon oswa Vanjans, enkli chache èd yon adilt;
- Ede elèv yo konprann ke dinamik Entimidasyon ak Cyberentimidasyon, ki gen ladann dezekilib pouvwa ki kache;
- Mete anfas sou cybersekirite, ki gen ladann itilizasyon teknoloji kominikasyon elektwonik apwopriye;
- Amelyore konpetans elèv yo pou angaje nan bonjan relasyon ak kominikasyon respektive; ak
- Angaje elèv yo nan yon anviwonman lekòl ki san danje, ki bay sipò ki respektive divèsite ak diferans.

Elèv yo pral revize tou seksyon ki gen rapò avèk elèv nan Plan an avèk pèsonèl la an Septanm.

B. Apwòch Ansèyman ki sipòte efò prevansyon Entimidasyon. Apwòch sa yo entegral pou etabli yon anviwonman lekòl ki san danje e ki bay sipò. Bagay sa yo souliye enpòtans entèvensyon Entimidasyon ak inisyativ prevansyon yo:

- Etabli atant klè pou elèv yo ak etabli woutin pou klas yo ak pou lekòl la;
- Kreye yon anviwonman lekòl ki san danje pou tout elèv, enkli elèv ki andikape, madivin, masisi, biseksyèl, elèv transeksyèl ak elèv ki sanzabris;
- Itilize repons apwopriye ak pozitif ak ranfòsman menm lè elèv yo bezwen disiplin;
- Itilize sipò konpòtman pozitif;
- Ankouraje adilt pou devlope relasyon pozitif avèk elèv yo;
- Bay modèl, anseye, rekonpanse bonjan konpòtman respektive;
- Itilize apwòch pozitif pou sante konpòtman, enkli kolaborasyon pou rezoud pwoblèm, fòmasyon rezolisyon konfli, travay annekip, ak sipò konpòtman pozitif ki ede nan devlopman sosyal ak emosyonèl;
- Itilize entènèt la san danje; ak
- Sipòte enterè elèv yo ak patisipasyon nan aktivite an deyò pwogram regilye yo, patikilyèman nan domèn kote yo gen fòs.

V. RÈGLEMAN AK PWOSEDI POU RAPÒTE AK REPONN A ENTIMIDASYON AK VANJANS

Règleman ak pwosedè sa yo pou rapòte ak reponn a Entimidasyon ak Vanjans pral asire ke manm nan kominote lekòl la – elèv, paran, ak Pèsonèl Lekòl la – konnen kisa pou yo fè lè yon ensidan Entimidasyon rive.

- A. **Rapòte Entimidasyon ak Vanjans.** Rapò entimidasyon oswa Vanjans kapab fèt pa Pèsonèl Lekòl la, elèv, paran oswa gadyen, oswa lòt moun e li kapab fèt alekri oswa oral. Rapò oral ki fèt pa yon manm Pèsonèl Lekòl la dwe anrejistre alekri. Yon manm nan Pèsonèl Lekòl la oblije rapòte touswit bay Administratè Responsab la oswa Komite Administratè a oswa reprezantan li lè Administratè Responsab la se swadizan Agresè a, nenpòt ensidan Entimidasyon oswa Vanjans manm Pèsonèl Lekòl la vin konnen oswa asiste. Rapò ki fèt pa elèv, paran oswa gadyen, oswa lòt moun ki pa manm Pèsonèl Match, kapab fèt anonym. Yon moun kapab rapòte yon ensidan nan sèvi avèk Fòm Rapò Ensidan oswa nan telefòn, lapòs oswa imòs oswa imèl Administratè Responsab la oswa manm Konsèy Administratè a oswa reprezantan li lè Administratè Responsab la se swadizan Agresè a.

Itilizasyon Fòm Rapò Ensidan pa obligatwa pou fè yon rapò. Match pral: 1) enkli yon kopi Fòm Rapò Ensidan an nan pake kòmansman ane a pou elèv yo ak paran oswa gadyen yo; 2) mete li disponib nan biwo prensipal lekòl la, ak lòt lokasyon Administratè Responsab la detèmine; ak 3) afiche li nan sit entènèt Match la. Fòm Rapò Ensidan pral disponib nan lang ki pi dominan nan mitan elèv ak paran oswa gadyen yo.

Nan kòmansman chak ane akademik, Match pral bay kominote lekòl la, enkli Pèsonèl Lekòl la, elèv, ak paran oswa gadyen, yon avi sou règleman pou rapòte zak entimidasyon oswa Vanjans. Yon deskripsyon pwosedè rapò a ak resous pral enkòpore nan manyèl elèv ak Pèsonèl Lekòl la, nan sit Entènèt Match, ak nan efòmasyon sou Plan an ki disponib pou paran oswa gadyen yo.

- **Rapòte pa Pèsonèl Lekòl la:** Yon manm Pèsonèl Lekòl la pral rapòte touswit bay Administratè Responsab la¹ lè li temwen oswa vin konnen yon kondwit ki kapab Entimidasyon oswa Vanjans. Egzijans pou rapòte bay Administratè Responsab la pa limite otorite manm Pèsonèl Lekòl la pou l reponn a konpòtman oswa ensidan disiplin ki konsistan avèk règleman ak pwosedè Match pou jere konpòtman ak disiplin.
- **Rapòte pa elèv, Paran oswa gadyen, ak Lòt Moun:** Match atann pou elèv, paran oswa gadyen, ak lòt moun ki temwen oswa ki vin konnen ensidan Entimidasyon oswa Vanjans ki enplike yon elèv pou yo rapòte l bay Administratè Responsab la oswa Komite Administratè a oswa reprezantan li lè Administratè Responsab la se swadizan Agresè a. Rapò yo kapab anonim, men yo pa pran okenn mezi disiplinè kont yon swadizan Agresè sèlman sou baz yon rapò anonim. Elèv, paran oswa gadyen, ak lòt moun kapab mande yon manm Pèsonèl Lekòl la asistans pou konplete yon rapò alekri. Elèv yo pral gen fason pratik, sekirize, prive

¹Administratè Responsab la responsab pou aplike ak sipèvize Plan an sou lè ensidan Entimidasyon an enplike Administratè Responsab la kòm swadizan Agresè a. Nan ka sa yo, Konsèy Administratè a oswa reprezantan li dwe responsab pou fè ankèt sou rapò a ak pran lòt etap nesè pou aplike Plan an, enkli adrese sekire swadizan viktim nan.

ak apwopriye pou laj yo pou rapòte ak diskite yon ensidan Entimidasyon avèk yon manm Pèsonèl Lekòl la, oswa avèk Administratè Responsab la.

B. Reponn a yon rapò Entimidasyon oswa Vanjans.

- **Sekirite:** Avan li mennen yon ankèt konplè sou akizasyon Entimidasyon oswa Vanjans, Administratè Responsab la pra l pran etap pou l evalye bezwen pou l restore yon sans sekirite pou swadizan Sib la ak/oswa pwoteje swadizan Sib la kont lòt ensidan. Repons pou ankouraje sekirite kapab gen ladann, men pa limite nan, kreye yon plan sekirite pèsonèl; pre-detèmine aranjman syèj pou Sib la ak/oswa Agresè a nan klas la, lè ya p manje, oswa nan otobis; identifye manm Pèsonèl Lekòl la ki pral aji kòm yon “moun de konfyans” pou Sib la; ak chanje orè Agresè a ak aksè nan Sib la. Administratè Responsab la pra l pran etap siplemantè pou l ankouraje sekirite pandan pwosesis ankèt la, jan li nesèsè.

Administratè Responsab la pra l aplike estrateji apwopriye pou l pwoteje kont Entimidasyon oswa Vanjans, yon elèv ki te rapòte ensidan Entimidasyon oswa Vanjans, yon elèv ki te temwen Entimidasyon oswa Vanjans, yon elèv ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt, oswa yon elèv ki gen bonjan enfòmasyon sou Entimidasyon oswa Vanjans yo rapòte a.

- **Obligasyon pou Avize lòt Moun**
 - a. Avi pou paran oswa gadyen. Lè yo fin detèmine ke Entimidasyon oswa Vanjans la te rive, Administratè Responsab la pra l notifiye paran oswa gadyen Sib la ak Agresè de sa touswit ak pwosedi pou reponn avèk li a. Ka gen sikonstans kote Administratè Responsab la kontakte paran oswa gadyen yo avan okenn ankèt fèt. Avi a pra l konsistan avèk règleman eta a nan 603 CMR 49.00.
 - b. Avi pou yon Lekòl oswa Distri. Si ensidan an enplike elèv nan plis pase yon distri lekòl, chatè, lekòl ki pa piblik, edikasyon espesyal prive apwouve oswa lekòl rezidansyèl, oswa lekòl kolaboratif, Administratè Responsab la ki premye avize de ensidan an pra l notifiye administratè apwopriye lòt lekòl la pa telefòn de ensidan an pou chak lekòl yo kapab pran aksyon ki apwopriye. Tout komunikasyon yo pra l an akò avèk lwa prive federal ak eta a ak règleman, ak 603 CMR 49.00.
 - c. Avi pou Ajans Respè la Lwa. Nenpòt lè apre yo resevwa yon rapò entimidasyon oswa Vanjans, enkli apre yon ankèt, si Administratè Responsab la gen baz rezonab pou l kwè ke yo dwe pouswiv akizasyon kriminel kont Agresè a, Administratè Responsab la pra l notifiye ajans lokal ki fè respekte la lwa a. Avi a pra l konsistan avèk egzijans 603 CMR 49.00 ak règleman ki etabli avèk ajans lokal ki fè respekte la lwa a. Epitou, si yon ensidan rive nan lakou Match epi li enplike yon ansyen elèv ki anba laj 21 ane ki pa anwole ankò nan lekòl la, Administratè Responsab la dwe kontakte ajans lokal ki fè respekte la lwa si li gen yon baz rezonab pou l kwè ke yo kapab pouswiv akizasyon kriminel kont Agresè a.

Nan pran detèminasyon sa a, Administratè Responsab la pra I, konsistan avèk Plan an ansanm avèk règleman ak pwosedi Match ki aplikab, konsilte avèk pèsonèl resous lekòl la, si genyen, ak lòt moun Administratè Responsab la jije ki apwopriye.

- C. Ankèt. Administratè Responsab la pral Mennen ankèt rapid sou tout rapò Entimidasyon ak Vanjans yo, nan fè sa, la p konsidere tout enfòmasyon yo genyen, enkli nati akizasyon an (yo) ak laj elèv ki enplike yo ak/oswa enfòmasyon ki gen rapò ak manm Pèsonèl Lekòl ki enplike a.

Pandan investigasyon an Administratè Responsab la pra I, pami lòt bagay, kesyone elèv yo, Pèsonèl Lekòl la, temwen, paran oswa gadyen, ak lòt moun lè li nesèsè. Administratè Responsab la (oswa moun ka p mennen ankèt la) pra I raple swadizan agresè, Sib ak temwen yo enpòtans ankèt la, obligasyon pou yo di laverite ke vanjans entèdi san sa yo pra I lakòz yon aksyon disiplinè.

Entèvyou ka fèt pa Administratè Responsab la, lòt manm Pèsonèl Lekòl la jan Administratè Responsab la detèmine li, e nan konsiltasyon avèk konseye lekòl la, jan sa apwopriye. Nan limit posiblite yo, ak obligasyon pou fè ankèt la ak adrese sijè a, Administratè Responsab la pral kenbe konfidansyalite pandan pwosesis ankèt la.

Administratè Responsab la apre pra I rasanble yon panèl ki gen pwofesè, anplwaye ak administratè. Panèl la pra I fè odyans separe avèk Sib la epi avèk swadizan Agresè a.

Pwosedi pou mennen ankèt sou rapò Entimidasyon ak Vanjans pra I konsistan avèk règleman ak pwosedi Match etabli pou ankèt. Si li nesèsè Administratè Responsab la pral konsilte avèk konsèy legal la konsènan investigasyon an.

- D. Detèminasyon. Administratè Responsab la, ansanm avèk panèl la, pra I pran yon detèminasyon baze sou tout prèv ak siskonstans yo. Si apre ankèt yo pwouve Entimidasyon oswa Vanjans, Administratè Responsab la pra I pran tout etap rezonab ki kalkile pou l anpeche repetisyon ak asire ke Sib la pa gen restriksyon pou l patisipe nan Match oswa nan benefisyè nan aktivite nan Match. Administratè Responsab la pra I: 1) detèmine ki aksyon ratrapaj obligatwa, si genyen, ak 2) detèmine ki aksyon repons ak/oswa aksyon disiplinè ki nesèsè.

Depann de siskonstans yo, Administratè Responsab la kapab chwazi pou l kominike avèk pwofesè elèv la ak/oswa konseye lekòl la, ak paran oswa gadyen Sib oswa Agresè a, pou idantifye nenpòt pwoblèm sosyal oswa emosyonèl ki kache ki ka kontribiye nan konpòtman Entimidasyon ak pou evalye nivo bezwen pou plis devlopman kompetans sosyal.

Administratè Responsab la pra I avèti paran oswa gadyen Sib oswa Agresè a byen vit konsènan rezilta ankèt la ak, si yo jwenn Entimidasyon oswa Vanjans, ki aksyon ka pran pou anpeche plis zak Entimidasyon oswa Vanjans fèt. Tout avi paran yo dwe konfòm ak lwa ak règleman eta ak federal ki aplikab. Akòz egzijans lwa konsènan konfidansyalite dosye elèv la, Administratè a paka rapòte enfòmasyon espesifik bay paran oswa gadyen Sib la konsènan aksyon disiplinè ki pran sof si li enplike yon lòd "rete lwen" oswa lòt direktiv ke Sib la dwe konnen pou l ka rapòte vyolyasyon.

Administratè Responsab la dwe enfòmè paran oswa gadyen Sib la konsènan sistèm rezolisyon pwoblèm Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a ak pwosesis pou gen aksè nan sistèm sa a oswa chache asistans, kèlkeswa rezilta detèminasyon Entimidasyon an. Enfòmasyon an ap disponib nan toude papyè ak fòm elektwonik yo.

E. Repons a Entimidasyon.

1. Anseye Konpòtman Apwopriye nan Devlope Kapasite

Yon fwa Administratè Responsab la detèmine ke Entimidasyon oswa Vanjans la te rive, la lwa egzije ke Match itilize yon seri repons ki balanse bezwen pou rann kont avèk bezwen pou anseye konpòtman apwopriye. M.G.L. c. 71, § 37O(d)(v). Apwòch devlopman konpetans ke Administratè Responsab la ka konsidere enkli:

- Ofri sesyon devlope-konpetans baze sou kourikoulòm kont-entimidasyon lekòl/distri a;
- Founi aktivite edikatif enpòtan pou elèv endividyèl ak gwoup elèv, nan konsiltasyon avèk konseye pedagogik ak lòt pèsònèl apwopriye lekòl la;
- Aplike yon seri sipò konpòtman akademik ak nonakademik pozitif pou ede elèv yo konprann fason pro-sosyal pou yo acheve objektif yo;
- Rankontre avèk paran ak gadyen pou angaje sipò paran ak pou ranfòse kourikoulòm kont-entimidasyon an ak devlope aktivite sosyal lakay;
- Adopte plan konpòtman pou enkli yon konsantrasyon nan devlope konpetans sosyal espesifik; ak
- Fè yon rekòmandasyon pou evalyasyon.

2. Pran Aksyon Disiplinè

Si Administratè Responsab la deside ke aksyon disiplinè a apwopriye, aksyon disiplinè a pral detèmine sou baz enfòmasyon Administratè Responsab la jwenn, enkli nati kondwit la, laj elèv (yo) ki enplike a, ak bezwen pou balanse responsablite ak ansèyman avèk konpòtman apwopriye. Disiplin yo pral konsistan avèk Plan an ansanm avèk règleman ak pwosedi Match.

Pwosedi disiplin pou elèv ki gen andikap gouvènè pa (Lwa federal pou moun ki andikape) federal Individuals with Disabilities Education Improvement Act (IDEA), ki dwe li nan kooperasyon ak lwa eta a konsènan disiplin elèv la.

Aksyon disiplin pou anplwaye yo kwenn ki komèt yon zak entimidasyon oswa Vanjans dwe an akò avèk lwa eta a ansanm avèk règleman ak pwosedi Match.

Si Administratè Responsab la detèmine ke yon elèv fè yon fo akizasyon Entimidasyon oswa Vanjans, elèv sa ka sijè a aksyon disiplinè.

3. Pwomote Sekirite pou Sib la ak Lòt yo

Administratè Responsab la pra l konsidere ki aranjman, si genyen, nesèsè nan anviwonman lekòl la pou amelyore sans sekirite Sib la ak lòt moun tou. Yon estrateji Administratè Responsab la kapab itilize se ogmante sipèvizyon adilt nan lè tranzisyon yo ak nan lokasyon kote Entimidasyon te rive oswa gen chans pou rive.

Nan yon peryòd tan rezonab ki swiv detèminasyon ak lòd pou remedyasyon ak/oswa mezi disiplin, Administratè ki responsab la pral kontakte Sib la pou l detèmine si wi oswa non te genyen yon repetisyon konpòtman ki entèdi a ak si wi oswa non li bezwen plis mezi sipò. Si se konsa, Administratè ki Responsab la pral travay avèk Pèsonèl Lekòl ki apwopriye a pou aplike yo touswit.

VI. KOLABORASYON AVÈK FANMI YO

Chak ane Match pra l enfòmè paran oswa gadyen elèv ki anwole yo sou kourikoulòm Entimidasyon ka p sèvi a. Avi sa a pra l gen ladann enfòmasyon sou kijan paran oswa gadyen yo kapab ranfòse kourikoulòm nan lakay yo ak dinamik Entimidasyon an, ki gen ladann Cyber entimidasyon ak sekirite nan entènèt. Match pra l voye avi alekri bay paran yo chak ane sou seksyon ki gen rapò avèk elèv yo nan Plan ann ak plan règleman sekirite entènèt Match la. Avi seksyon ki gen rapò ak elèv yo nan Plan an pra l disponib nan lang ki pi dominan nan mitan paran oswa gadyen yo. Match pra l afiche Plan an ak enfòmasyon ki gen rapò avèk li nan sit entènèt li yo.

VII. ENTÈDIKSYON KONT ENTIMIDASYON AK VANJANS

Zak Entimidasyon , ki gen ladann Cyberentimidasyon, entèdi:

- (i) Nan lakou lekòl la ak pwopriyete ki tou pre lakou lekòl la, nan aktivite ki patwone oswa ki gen rapò avèk lekòl, fonksyon, oswa pwogram swa nan lakou oswa andeyò lakou lekòl la, nan yon estasyon otobis lekòl oswa lòt machin Match posede oswa lwe, oswa itilize oswa atravè sèvis yon aparèy teknoloji oswa elektwonik Match posede, lwe, oswa itilize, ak
- (ii) Nan yon lokasyon, aktivite fonksyon, oswa pwogram ki pa gen rapò avèk lekòl atravè itilizasyon aparèy teknoloji, oswa elektwonik Match pa posede, lwe, oswa itilize, si zak la lakòz yon Anviwonman Ostil (jan li defini nan Seksyon VIII, anba) nan Match pou Sib la oswa temwen yo, vyole dwa yo nan Match, oswa deranje pwosesis edikasyon oswa bon fonksyonman nan Match.

Vanjans kont yon moun ki rapòte Entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt Entimidasyon, oswa temwen oswa gen bonjan enfòmasyon sou Entimidasyon entèdi tou.

Jan li mansyone nan M.G.L. c. 71, § 370, anyen nan Plan sa a pa egzije Match pou l voye pèsònèl li nan aktivite ki pa gen rapò avèk lekòl, fonksyon, oswa pwogram.

VIII. DEFINISYON

“Agresè” se yon elèv oswa yon manm Pèsònèl Lekòl la ki patisipe nan Entimidasyon, Cyberentimidasyon, oswa vanjans kont yon elèv.

“Entimidasyon,” jan li defini nan M.G.L. c. 71, § 370, se repetisyon yon ekspresyon vèbal, ekri, oswa elektwonik, oswa yon zak fizik, oswa jès, oswa nenpòt konbinezon ladan yo pa youn oswa plizyè elèv oswa pa yon manm Pèsònèl Lekòl la, nan direksyon yon Sib ki:

- i. Lakòz pwoblèm fizik oswa emosyonèl nan Sib la oswa domaj nan pwopriyete Sib la;
- ii. Mete Sib la nan laperèz rezonab pou tèt li oswa domaj pou pwopriyete li;
- iii. Kreye yon anviwonman ostil nan lekòl la pou Sib la;
- iv. Vyolyasyon dwa Sib la nan lekòl la; oswa
- v. Materyèlman ak konsiderableman deranje pwosesis edikasyon oswa lòd operasyon yon lekòl.

“Cyberbullying” se Entimidasyon atravè teknoloji oswa aparèy elektwonik tankou telefòn, telefòn selilè, òdinatè, ak entènèt la. Li gen ladann, men pa limite sèlman nan, imèl, mesaj enstantane ak afich sou entènèt. Gade nan M.G.L. c. 71, § 370 pou definisyon legal Cyberentimidasyon.

“Anviwonman Ostil,” jan li defini nan M.G.L. c. 71, § 370, se yon sitiyasyon kote Entimidasyon lakòz anviwonman lekòl chaje avèk entimidasyon, mokri, oswa betiz ki grav ase oswa atann pou l chanje kondisyon edikasyon yon elèv.

“Vanjans” se nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa asèlman ki dirije kont yon elèv ki rapòte Entimidasyon, bay enfòmasyon nan ankèt Entimidasyon, oswa temwen oswa gen bonjan enfòmasyon konsènan Entimidasyon.

“Pèsònèl Lekòl la” vle di moun Match bay travay, ki gen ladann, men pa limite nan, edikatè, administratè, konseye, enfimyè lekòl, travayè kafeterya, gadyen, chofè otobis, antrenè atletik, konseye lòt aktivite, pèsònèl sipò, oswa parapwofesyonèl.

“Sib” se yon elèv kont ki Entimidasyon, Cyberentimidasyon, oswa vanjans te komèt.

IX. RELASYON AK Lòt Lwa yo

Konfòmeman avèk lwa eta ak federal, ak règleman Match, yo pa dwe fè diskriminasyon kont pèsòn moun pou enskri nan lekòl piblik nan okenn vil oswa pou yo jwenn avantaj, privilèj ak kou etid nan lekòl piblik sa a pou rezon ras, koulè sèks, idantite sèks oswa ekspresyon, aparans fizik, relijyon orijin nasyonal, zansèt, sitiyaasyon sosyal ekonomik, sitiyaasyon akademik, oryantasyon seksyèl, oswa mantal, fizik, devlopman oswa andikap sans, oswa pa asosyasyon avèk yon moun ki genyen oswa yo konsidere ki genyen youn oswa plis nan karakteristik sa yo. Pa genyen anyen nan Plan an ki anpeche Match pran aksyon pou l korije diskriminasyon oswa asèlman baze sou abònman yon moun nan yon kategori ki pwoteje legalman anba lwa eta, lokal oswa federal, oswa règleman Match.

Anplis, anyen nan Plan an pa deziyen oswa gen entansyon limite otorite Match pou l pran aksyon disiplinè oswa lòt aksyon anba M.G.L. c. 71, §§ 37H oswa 37H½, lòt lwa ki aplikab, oswa règleman Match nan repons a konpòtman vyolan, danjere, oswa deranje, menm si Plan an kouvri konpòtman an.

ENTÈVANSYON AK PREVANSYON ENTIMIDASYON

FÒM POU RAPÒTE ENSIDAN

I. RAPÒ

1. **Non Rapòtè a/Moun ka p Ekri Rapò a:** _____

(Sonje: Rapò kapab fèt anonim, men yo pa p pran okenn aksyon disiplinè kont yon swadizan Agresè sou baz yon rapò anonim sèlman.)

2. **Sèkle si ou se: Sib konpòtman Rapòtè a (pa Sib la)**

3. **Sèkle si ou se yon: Elèv Manm pèsònèl (pozisyon)** _____

Paran Administratè Lòt moun (presize) _____

Nimewo telefòn ou: _____ **Si ou se yon elèv, klas:** _____

4. **Enfòmasyon sou ensidan an:**

Non Sib la (konpòtman an): _____

Non Agresè (moun ki te angaje nan konpòtman an): _____

Dat (yo) Ensidan (yo): _____

Lè Ensidan (yo) te rive: _____

Kote Ensidan (yo) te rive (presize otan ou kapab): _____

5. **Temwen** (Mete non moun ki te wè ensidan an oswa ki gen enfòmasyon sou li):

Non: _____ Elèv Anplwaye Lòt moun _____

Non: _____ Elèv Anplwaye Lòt moun _____

Non: _____ Elèv Anplwaye Lòt moun _____

6. Bay detay ensidan an (mete non moun ki te patisipe yo, kisa ki te rive, ak kisa chak moun te di ak fè, mete mo espesifik ki te itilize yo). Tanpri itilize fèy papyè siplemantè si li nesesè.

FOR ADMINISTRATIVE USE ONLY

7. **Signature of Person Filing this Report:** _____ **Date:** _____

(Note: Reports may be filed anonymously.)

8. **Form given to:** _____ **Position:** _____

Signature: _____ Date: _____

FOR ADMINISTRATIVE USE ONLY

II. INVESTIGATION

1. Investigator(s): _____ Position(s): _____

2. Interviews:

Interviewed Aggressor Name: _____ Date: _____

Interviewed Target Name: _____ Date: _____

Interviewed witnesses Name: _____ Date: _____

Name: _____ Date: _____

3. Any prior documented incidents by the Aggressor? Yes No

If yes, have incidents involved Target or Target group previously? Yes No

Any previous incidents with findings of BULLYING and/or RETALIATION?
Yes No

Summary of Investigation (please attach additional paper if necessary):

III. CONCLUSIONS FROM THE INVESTIGATION

1. **Finding of Bullying or Retaliation:** Yes No
Bullying Retaliation Other _____

2. **Contacts:**
Target's parent/guardian Date: _____
Aggressor's parent/guardian Date: _____
Law Enforcement Date: _____

3. **Circle Description of Action Taken**
Loss of Privileges Detention Suspension
Community Service Other _____

4. **Describe Safety Planning**
Follow-up with Target scheduled for: _____ Initial and date when completed: _____
Follow-up with Aggressor scheduled for: _____ Initial and date when completed: _____

Report forwarded:

To Principal (if Principal is not the investigator) Date: _____

To Responsible Administrator (if Responsible Administrator is not the investigator) Date: _____

Signature and Title: _____ Date: _____